ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№156-157 (22.815) • 2014 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сом 15-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъэкIуэнур зейхэр

● Мэшыкъуэ-2014

«Мэшыкъуэ-2014» щIалэгъуалэ зэхыхьэр яублащ. Ар къыщызэIуахэ зэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочннэ лЫкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергей, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министр Кузнецов Лев, Урысей щIалэгъуалэм я Iуэхумкlэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Поспелов Сергей, депутатхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр. Президент Путин Владимир зэхуэсым хэтхэм зэрызахуигъазэ псалъэхэм къеджащ Меликов Сергей.

- УЕГЪЭГУФIЭ мы Iуэхум гупсысэ зиIэ, мурад дахэ гъащIэм щызыгъэув щIалэгъуалэ жыджэрхэр зэрызэришаIэм. Фи акъылым и жанагъыр, Iуэхум щIэ гуэрэ зэрыхэфъхьэфыр нобэ псом хуэмыдэу сэбэпщ, - къыхигъащ Урысейм и Президентым.

ЩIалэгъуалэм ехъуIэныгъэхэр яIэну ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Альтуд Юрий.

- ЩIалэгъуалэм куэдкIэ сэбэп яхуохъу мы Iуэхур. Мыпхуэдэ зэхуэсхэр республикэжьым щхьэхуэу къыщызэгъэпэщын хуейуэ къызолъытэ. Мыбы щIалэгъуалэр фIым щыхуауший, мурад ягъэувРэ ар зрагъэхъуIэфу щрагъасэ, - жиIащ Альтудым.

Хабзэ зэрыхъуауэ, зэхуэсыр ежьэгъуитIым къотIасэ. «Хъыбарыщlэр уэру» лIэужьыгъуэм хэтщ журналистхэр, интернетым жыджэру щылажьэ, абы сайтхэр къыщызэзыгъэпэщахэр. «Гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я къэкIуэнур» лIэужьыгъуэм зэхуишэсащ егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуэзыщIаIэр. ЕтIуанэ ежьэгъуэм щIалэгъуалэм ягъэлъэгъуэнущ «Экономикэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ», «Туризм», «Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ» лIэужьыгъуэхэм трауху лэжьыгъэхэр.

Илъэс етхуанэ хъуауэ екIуэкI зэхуэсым щIэщыгъуагъ куэд халъхьащ, сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIуащ. Абы щагъэлъэпIащ усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил къыщIэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъур. Зэхуэсым щауху шэтырхэм ящыщ зым щагъэлъэгъуащ Лермонтовым и музейм къыщIаха сурэтхэр, дэфтэр гъэщIэгъуэнхэр. ЩIалэгъуалэр игъэгушхуащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу, усакIуэшхуэм и лъэпкъым къыхэкIа икIи абы и цIэджэгъу Лермонтов Михаил Юрий и къуэр къаззэрыхуеблэгъам.

- УсакIуэшхуэм и Iэдакъэщlэкlэхэр щэнхабзэм и лъагапIэ дыдэщ. Абы и дэтхэнэ тхыгъэми цIыхум и гурыгъу-гурыщlэ куухэр хэпщащ, - жиIащ Лермонтовым.

«IэфIыщэт» зэхуэсым хэтхэм къызэрагъэпэща лъэпкъ щхьэныгъуэхэм, абыхэм ящыщIа хабзэхэм трауху махуэри. А шхьэныгъуэхэм ислъэмей къафэр зэрыдыщIагъужар-щэ?!

«Мэшыкъуэ-2014» щIалэгъуалэ зэхуэсыр гъэнщIауэ щытынущ апхуэдэ махуэхэммкIэ, хьэщIэхэммкIэ, гупсысэ щIэщыгъуэхэммкIэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ТЕМЫРКЪАН Юрий щыхуэзам КъБР-м и Iэтащхьэм и лъакIэхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ, профессиональнэ музыкальнэ гупхэм, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ творческэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъунымкIэ зэфIагъэкIэр.

Дирижёр цIэрыIуэр щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм къапэщыт къалэнхэр къызэрыщыхъум, лъэпкъ музыкэр, классическэ музыкэр, иджырей музыкэр цIыхубзм я пащхьэ нэхъ егупъуу илъхьэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Узыншагъэ

IэзэкIэщIэхэр къагъэсэбэп

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Кардиологие центрым «Гум еIэзэнымкIэ иджырей хирургие Iэмалхэр» щIэныгъэ-практикэ конференц щекIуэкIащ. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Урысей кардиологие щIэныгъэ-производственнэ комплексым, Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Тюмень кардиологие центрым, St. Jude Medical (Бельгие) медицинэ Iуэхущ Iапl эм и Iэщ Iагъэлl пажэхэм гу зэхуэфхэр къызэрыпхутэну Iэзэкlэхэр ягъэлъэгъуащ.

УРЫСЕЙ кардиологие щIэныгъэ-производственнэ комплексым и кардиохирург Сапельников Олег, республикэм и Кардиоцентрым и дохутырхэу Борыкъуей Ислъамрэ Гулиевэ Фозирэ сымэ махуищым къриубыдэу операцэ ящIащ зи гур уз цIыху 15.

ЩIэныгъэ-практикэ конференцыр зэфIэкIа иужь, операцэхэр зэращIам, абыхэм кърикIуахэм ятеухуа я Iуэху еплъыкIэхэр дохутырхэм щызэпкърахьхь зIыуIэ екIуэкIащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и Кардиологие центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодар къыззрыхигъэщащмкIэ, мы зэманым республикэм и кардиохирургие Iуэхущ Iапl эм мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIынымгъэхэр щокIуэкI, цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъунымгъэхэм Iэмалыщ Iэхэр къыхохьэ, нэхъапэм апхуэдэ Iуэхутхъэбзэхэр щыхуащIэу щытар федеральнэ клиникэ пажэхэрщ.

Центрым рентгенохирургие Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ узыр щхьэутэныкIэ икIи гъэхъужынымкIэ кардиологие къудамэ нэгъабэ и щыщхьэуIу мазэм къызэрыщызэIуахрэ коронарографие 336-рэ щащIащ, нэгъуэщI Iэзэкlэщ Iэхэри къыщагъэсэбэп. Я мурадщ илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу КъБР-м Узыншагъэмкlэ и министерствэм и Кардиологие центрым фIагъэ лъагэ зиIэ технологие дэIэпыкъуныгъэ щагъуэту зэтраублэну.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Хъыбар гуапэхэр

Иджыри зы чемпион

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэр, щIыхьыр зыIэт ди спортсменхэм кIуэ пэтми къахохьуэри, абы дрогушхуэ. Техник ныбжьыщIэхэм я станцу Нарткъалэ дэтым и гъэсэн Кустарников Сергей Урысейм и командэ къыхэхам хэту авиамодель спортымкIэ дунейпсо чемпион хъуащ. Зэхъэзэхуэр Румынием и Салонт къалэращ щекIуэкIар.

ЗИ ЗАКЪУЭУ зэпеуахэм Сергей ещанэ увыпIэр къыщихьащ, хьэфэмотор моделхэмкIэ командэм хэту чемпион хъуащ. Кустарниковым Авиацэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ дунейпсо федерацэм и дипломхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ. Спортсменым Урысейм спортымкIэ и мастер мардэхэр игъэзэщIащ.

СОКЪУР Риммэ.

Аруан район щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Дыщи дыжьыни

Мы махуэхэм Великобританием и Сток Мондевиль къалэм щекIуэкI атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпионат. Зи лъакъуэхэм сэкъат яIэ спортсменхэм (илъэс 23 ныбжьым нэс) я захьэзэхуэм Урысейм и командэ къыхэхам хэту ди лъахэгъу Ботвич Иван медалитI къыщихьащ.

ИВАН метр 40-рэ см 87-кIэ дискыр идзри - дыщэ медалыр, дэлъениныкIэ см 180 льагагъым пэльэщри - дыжьынир зыIэригъэхьащ. Абы и адэ икIи и тренер Ботвич Александр зэхъэзэхуэм кърикIуахэмкIэ арэзыщ. «Иван и зэфIэкIым хигъэхъуэфынущ икIи диззэлэжьын диIэщ», - жеIэ Александр.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

КъБР-м спортымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Ерыскъы промышленность

ЩIэупщIэшхуэ яIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм помидорымрэ шыбжий IэфIымрэ елъэжьын щIадзащ. Пэублэу къызэратамкIэ, шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу помидору банкI мелуани 2-м нэблагъэ ягъэфIэIуащ, лечэуи (салатуи) апхуэдизу ягъэхьэзыращ. Ахэр нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ хуэди 3,8-кIэ, хуэдэ 14-кIэ нэхъыбэщ.

НАЩЭРИ еужьрэкIыу ягъэфIэIу. МызэкIэ банкI мелуан 37-м нэс иралъхьащ. Ар гъэкIуам и апхуэдэ зэманым яхуэзэфIэкIам процент 58-кIэ щIегъу. Нащэ, помидор зэхэлъу (ассорти) ягъэхьэзырым нэгъабэ елъытауэ хуэдэ 13,5-кIэ хэхъуащ.

ЗэфIэкI къагъэлъагъуэ мы Iуэхум щыпэрыт «Агро-Инвест», «Консервпром», «Компание щхъуантIэ», «Налшык консерв завод» ООО-хэм

ЩIэупщIэшхуэ зэраIэм и фIыгъэкIэ, хадэхэкI консерву къыщIагъэкIым хагъахъуэ. Гъэм и пэщIэдзэм сатуущI IэнатIэ инэм республикэм и заводхэм я нэхъыбэм зэгурыIуэныгъэхэр къращIылIауэ щытащ. Ар и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хадэхэкI консервхэр я фIагъкIи зыхуэдэкIи нэгъуэщIкIэм зэрефIэкIыр.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуlум и 9, *щэбэт*

♦Физкультурникым и махуэщ

♦Щалъхуа щIыналъэм щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ

♦Археологым и махуэщ

♦Йошкар-Ола къалэм и махуэщ

♦1942 гъэм Блокадэм ит Ленинград къалэм щагъэзэщIат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфоние» щIэрыIуэр.

♦1945 гъэм Японием и Нагасаки къалэм США-м и къухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 186-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, радиожурналист **Вындыжь Марие** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхьунущ.

Шыщхьэуlум и 10, *тхьэмахуэ*

♦УхуакIуэм и махуэщ

♦Тыркумэным хъэуаным и махуэр щагъэлъапIэ

♦1976 гъэм Онтарио штатым (Канадэ) дунейм щыяпэу телефон аппарат къыщагупсысащ.

♦КъБР-м и щIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэдхьан** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Республикэм и комсомол, профсоюз зэщIэкъэееныгъэхэм я унафэщIу, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сабаншы Роза** къыщалъхуа махуэщ.

♦Литературовед, Дагъыстаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ержыб Асльэн** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦США-м щыпсэу адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэм ящIащ, Кавказ Ищхъэрэмкlэ центрым и унафэщI **Къазан Яхья** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Сирием къикIыжа тхакIуэ **Къумыкъу Мамдух** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мызэущ Борис** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Щыхъалы Заирэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Ахъмэт МуIэед** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьунущ.

Шыщхьэуlум и 11, *блыщхьэ*

♦1485 гъэм Италием щыщ архитектор Фрязин Антон (Джиларди Антонио) Москва Кремлым и Тайницкэ чэщанэр ухуэн щIидзащ.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздэхъу Султан** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мыублэ мыхъумэ, мыух щыIэкъым.

Гъуэгумрэ къабзагъэмрэ

● Прохладнэ щIыналъэ

Прохладнэ щIыналъэм гъуэгу лэжьыгъэхэр щызэпыуркъым.

КЪАПЩТЭМЭ, мы щIыпIэм гъуэгуу иIэр километр 800-м щIегъу. Абы щыщу 23-р федеральнэщ, муниципальнэхэр 500-м нызэрохьэс. Мы илъэсым дызэрытехьэр жылагъуэхэр зэпызыщIэ гъуэгуу километр 25-р зыхуей хуагъэзащ.

ЩIыпIэ администрацэм и унафэщI Говоров Сергей щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, гъуэгухэм я щытыкIэм и мызакъуэу, гъуэгубгъуэхэм щылажьэхэми иужьрей зэманхэм гулъытэ хуащI.

Прохладнэм и гъуэгу Iуфэхэм Iутщ, шхапIэ, бензин игъэхъуапIэ жыпIэми IэнатIэ 20-м щигъу. Ахэр щIэх-щIэхыурэ къаубзагъэ и лъэныкъуэкIэ къапщытэ. Ар зыгъэлажьэхэри сыткIи хущIокъу щIыуэпсыр тэмэму къагъэсэбэпыным пыщIа хабзэхэм ткIийуэ зэрытетыным.

Говоровыр мы Iуэхум теухуауэ нэхъ зыгъэпIейтейр «Роснефть» компаниием и бензин игъэхъуапIэу 4-м я лэжьыгъэр зэрызэпагъэуаращи, дауэ мыхъуми, мэгугъэ зэман кIэщIым къариубыдэу я Iуэхутхьэбзэхэр яублэжьну.

«Гъуэгу тэмэмым щыгъуэн хуейщ къабзагъэри. Абы теухуауи дыбэлэрыгъыркъым. Ар зи кьалэн Iуэхущ Iапl эхэр гъуэгубгъуэхэм щоплъыр, а щIыпIэхэм кIэрыхубжьэрыху лъэпкъи ущрихьэлIэнукъым», - жеIэ Iэтащхьэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

■ Хъыбарыщlэхэр ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

● Шэджэм щIынатIэ

Хэгъуэр кIэрыхуншэу кърахьэлIащ

Шэджэм щIыналъэм бжьыхьэсэ гъавэр Iухыжыныр и кIэм щынагъэсащ.

ЩIыпIэ администрацэм мэкъумэш IэнатIэмкIэ и къудамэм и унафэщI Шортей Мухьэмэд щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, куейм мэкъумэшрэ джэшэкIыу мы гъэм хисащ гектар 1636-рэ. Абы щыщу 1115-р бжьыхьэсэ гуэдзащ, 461-р - хьэпцийищ, 60-р - зэнтхэщ.

Мы махуэхэм ирихьэлIэу гъавэу гектар 1500-м щIигъур кърахьэлIэжащ. Ар яIэм и процент 87-рэ мэхъу. Зы гектарым хуэзэу центнер 34-м щIигъу къытрахыу тонн мини 5-м нэс ягъэтIылъащ. Хуит къэхъуа щIыр явэ, хьэуазэр зэкIуэцIапхэжащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

2014 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къэнэжа мазиплIым къаIэрыхьэн папщIэ «Адыгэ псалъэ» газетым мы зэманым Iэ щIадз



Пощтым и лэжьакIуэхэм зэбграхыжмэ, абы мазиплIым сом 596-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ и уасэщ.

Пощт Iуэхущ Iапl эхэм газетыр къыщыIахыжмэ, сом 382-рэ щIатыну араща.

Зы мазэм къаIэрыхьэн папщIэ газетым сом 95-рэ кIэпIейкIэ 50-рэ хуоээ.

Ди индексыр 51531

● ЗэІущІэхэр

ЗэфІагъэкІахэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхущхэмкіэ и министерствэм и коллегием хэтхэм я зэІущІэ екІуэкІащ иджыблагъэ. Министр Емуз Нинэ кьыззІуиха зэхуэсым кьрихьэлІащ КЪБР-м спортымкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Дадэ МуІэед, КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур, Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм и унафэщІ Къалмыкъ Кларэ, къалэ, район щІыпІэ администрацэхэм, егъэджэныгъэмкІэ и управленэхэм, еджапІэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІ куэди.

ІЭНАТІЭМ щекІуэкІ лэжьыгъэм, я Іуэху зыІутым тепсэлъыхьащ республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрым и кІуэдзэ Кирин Александр.

- Гулъытэ хэха зыхуэтщІхэм ящыщщ щІыкІуэхэр сабий садкІэ кьыззгъэпэщыныр. Мы гъэм сабий 43947-рэ абыхэм щакІэлъыпльтІ Іуэхущ1апІэхэм йокІуалІэ, 9039-м зэкІэ апхуэдэ Іэмал ІІэкъыми, чэзур къащылъысынум поплъэ. 2014 гъэм и ятІэ Іыхьэм республикэ мылькум кьыхахри, сабий 667-рэ щалыгъым щІыпІэхэр кьыззІуахащ, мы илъэсым и етІуанэ Іыхьэм сабий 3175-рэ зэкІуэлІэн садхэр хьэзыр ящІыну я мурадщ. А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдзэу сом мелуан 507-рэ федеральнэ, мелуани 126-рэ республикэ мылькум кьыхэкІынущ. Илъэсым и кІэм хьэзыр хъунущ сабий 3842-м хуащІ садхэр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, илъэси 3-м щегъэжьауэ 7-м нэс ныбжьым итхэм я процент 99-р сабий садкІэ зыхуэй хуэзэнущ.

Кирин Александр тепсэльыхьащ еджапІэхэр ФГОС-м кьиргъуэр мардэм зэрытетыпхъэм - сабийхэр щеджэ пэшхэр нэхуу, интерактивнэ доскаищІэхэр яІэу, ІэмэпсымэщІэхэмкІэ кьызэгъэпэщауэ щытын зэрыхуейм, егъэджэныгъэм щІэуэ кьыхьихьэхэм адэ-анэхэри зэрыщІыгъэгъуэзапхъэм, нэгъуэщІхэми. Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэр зДынэсыр щызэхагъэкІыу щытащ езыхэр зыхиубыдэ щІыпІэм, иджы абы кІэлъыплъынущ ар кьалэн зыщащІа къэпщытакІуэ гуп хэхаэр. 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ и министерствэм кьыхилъхьэнущ «ЕгъэджакІуэ (гъэсакІуэ)» программэщІэр. Абы кьегъэуфэ педагогхэр я ІэщІагъэм хуеджауэ щытын хуейуэ.

Министрым и кІуэдзэм кьыхигъэщащ къэралыбзэу щыт адыгэбзэмкІэ балъкъэрыбзэмрэ хьумэнымрэ егъэфІэкІуэнымрэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм зэращыщыр. Щалагъуалэр я анэдэлъхубзэр ящІэу, лъэпкъ хабзэм, тхыдэм щыгъуазэу къэгъэтэджныным мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи а лэжьыгъэр кьайхьулІэн папщІэ щыІэ Іэмалхэр нэсу кьезэбэпын хуейщ егъэджакІуэхэм.

- Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ яубзыхуэ Іуэху щхьэпэм, «Доступная среда» зыфІащам, ипкъ иткІэ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр хущІокъу сабий ныкъуэдыкІуэхэмри щІэныгъэ куу ирагъэгъэтыну, - жиІащ Кирин Александр. - Ди щІыналъэм кьыщызэрагъэпэщащ апхуэдэ Іуэхутхьебзэ - зи узынщагъэр еджэным пэлъэщыну кьалъытэхэм я деж кІуэурэ щхьэхуэу ядолажьэ, компьютер Іэмалхэм хуагъасэ. Иджыпсту проектым хэтщ сабий ныкъуэдыкъуэу 483-рэ.

Кириным зэІущІэм кьрихьэлІаэхэр щигъэгъуэзащ зэфІэкІ льагэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм зэрызыщІагъэкъуэфыну щыкІэм, щІэблэр хэкупсэу гъэсэн и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэм, щыкІуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхуніэхэр кьиузгъэпэщащ зэрыхьуам, нэгъуэщІхэми.

КупщІафІэу кьэпсэльащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хьІхьэ щІалэгъуалэ департаментым и унафэщІ КІурашын Анзор. Абы жиІащ ди республикэм кьыщызэрагъэпэщ зэІущІэхэм ныбжьыщІэ куэд жьыджэру зэрыхэтыр. 2014 гъэм и ятІэ Іыхьэм щІалэгъуалэ зэхьыхьэу 343-рэ ирагъэкІуэкІати, цІыху 61632-рэ хэтащ. 2013 гъэм еплъытмэ, ар процент 50-кІэ нэхъыбэщ.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и кІуэдамэхэм я унафэщІхэу Афэщ1агъуэ Ларисэ, Гъуклэжь Иринэ, Темрокъуэ Иринэ, кІуэдамэм и лэжьакІуэ нэхъыщхьэ Дыщэкі Оксанэ сымэ кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ 2014 гъэм ЕГЭ-р зэрекІуэкІамрэ абы кьрикІуэхэмрэ, гъэ еджэгъуэщІэм щколхэр зэрыхуэхьэзыр щыкІэм, нэгъуэщІхэми.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтыр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

● Налшык

Бжэ1упэхэр зыхуей хуагъазэ

Къат куэду зэтет унэхэм я бжэІупэхэр зэІуэпэщ щыным теухуа лэжьыгъэ Налшык щокІуэкІ.

КЪАПЩТЭМЭ, Щоджэнцыкіум и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №20-м и бжэІупэмрэ абы и кІыхьагъкІэ ирикІуэ лъэс лъагэуэмрэ щІэуэ асфальт тралъхьэ. Иджыпрей мардэхэм тету зи пІабжьэр ягъэбыдэ асфальтыр кьэмычуэ кІыкІи кьимыпІэлъыжу илъэс куэдкІэ телъыну жаІэ ухуакІуэхэм.

Псори зэхэту зыхуей хуагъэзэну бжэІупэхэр метр зэбгъуэнатІэ 10755-рэ мэхъу. Абы трагъэкІуэдэнущ сом мелуани 10. Ми ахъшэр уну зэтету 25-м я пщІантІэхэр зыхуей ирихуагъэзэну яхурикъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм гъуэгу трегъэхьэ

Тырку Республикэм хьхьэ Бурсэ къалэм и Іэгъуэблагъэм кьыщызэрагъэпэщ адыгэ зыгъэпсэхуПІэм кІуэну нышэдибэ ежьащ КЪБР-м щыщ ныбжьыщІэ гуп.

БУРСЭ щыІэ Кавказ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ 2013 гъэм зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, зи ныбжьыр илъэс 12 - 16 хьу щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ гъуэгу текъуэ хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ щызэІущІэну, щызэрыцІыхуну лагерым щыІэну.

Тыркумрэ (сабий 40) Сирием (сабии 10) щыщ цІыкІухэм я гъуэгу махуипщІкІэ загъэпсэхунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ ныбжьыщІэхэм. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и жэрдэмкІэ Бурсэ кІуащ «Кавказ пшэплъхэр» кьэфакІуэ ансамблым хэт щалитхэр хъыджэбзитхэр. Абыхэм я гъуэсщ ансамблыр кьызэрызэрагъэпэщырэ абы и художественнэ унафэщІ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тхьэмокъуэ Мартинрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо зэпеуэм ятІэ вице-мисс щыхьуа Щомахуэ Залинэрэ.

Адыгэ щІэблэр нэхъ гъунэгъу зэхуэзыщыну, къэрал зыбжанэм щыщ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ зэзыщэлІэну лагерым и кьызэрэпэщакІуэр Истамбыл и Баларбаш хьэблэм щыІэ Адыгэ Хасэм илъэс зыбжанэкІэ и унафэщІу щыта Нэгъуей Яшарщ.

ЦІыху 90-м нэблагъэ щызэхуэсыну лагерым ныбжьыщІэхэм я зэманыр нэгъуэщхьу, гукъинэжу щекІуэкІынущ. Махуэхэр программэ хэхам тету ягъэкІуэнущ.

Мы зэхуэсым и кьалэн нэхъыщхьэр хамэ кьэралхэм кьащыщхъу адыгэ щІэблэм я анэдэлъхубзэр ящымыгъэгъупщэныращ, хабзэр яІэщІэмыгъэхунырщ, кьызыхэкІамрэ абы и пщІэмрэ ящІэжу кьэгъэхъунырщ. Абы папщІэ кьызэгъэпэщакІуэхэм бгъэдыхьэкІэ гъэщІэгъуэнэхэр кьагупсысащ. ХэкумкІэ икІыныхэм я ныбжьэгъуэхэм ирагъэщІэнущ адыгэ утыку итыкІэри, зыІыгъыкІэри, кьэфэкІэри, уэрэд жьІэкІэри, хабзэ зехьэкІэри, апхуэдэуи анэдэлъхубзэм и ІэфІагъэр хэхэс библиотекэм зыхраГъэщІэфыну дащоугуГъ. А псом кьищынэмыщІауэ, махуэ кьэс екІуэкІынущ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэхха семинархэр. Балигъпіпіэ иджыри имыува ныбжьыщІэхэм псалъэмакъ купщафІэхэр драгъэкІуэкІынущ адыгэхэм я тхыдэмрэ щыІэкІэ-псэуКІэмрэ, унагъуэм щекІуэкІ гъэсэныгъэм адыгэ хабзэм щиубыд уВыпІэм, нэгъуэщІ куэдми ятеухуауэ. Лагерым щызэхуэсахэр щэрджэс кьуажэхэм яшэнущ, хэкэс адыгэхэм кьэхэкІа цІыху цІэрыІуэхэм Іуэгъэщ1энущ, Туркым и дахапІэкІэ ирагъэлъагъунущ.

НЭщІэПЫДЖЭ Замирэ.

● КЪБР-м щыІэ МВД-м

Колокольцев Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщІэ

Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ и министр, полицэм и генерал-полковник Колокольцев Владимир республикэм щыІэ МВД-м и унафэщІхэм яхуэзащ. Абы зэІущІэм щыжиІащ хабзэр хуэмэнымрэ цІыхухэм я шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщынымрэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр икІи ахэр дэгъэкІыным гулъытэ хэха зэрыхуэщІыпхъэр.

Министрыр Урысейм и МВД-м и «Бахьсэн» Іуэхущ1апІэм щыІащ икІи абы и лэжьыгъэм щыгъуазэ зищІащ, полицэм кьулыкъу щызэрыщІэхэм епсэльащ. Апхуэдэу Урысейм и МВД-м и Іэтащ1ыкъэр хэтащ я кьалэнхэр щагъэзащІэм хэкІуэда лэжьакІуэхэм я фэеплъым и деж щекІуэкІа дауэдапщэм икІи абы уда гъэгъахэр трилъхьащ.

УІэгъэ хъуам щІоупщІэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей ІашынкъэкІ кьуажэм иджьблагъэ щекІуэкІа Іуэхугъуэ хэхам уІэгъэ щыхьуа полицейм и деж щІэупщІакІуэ щыІащ, и Іуэху зыІутыр зригъэщІащ. УІэгъэ хъуа етІуанэ полицейр Мэзкуу яшащ.

Дохутырхэм зэрыжаІамкІэ, уІэгъэ хъуахэм я гъащІэм утемышныхьмэ кьужьу.

Васильев Сергей я лэжьакІуэм и кьалэныр щигъэзащІэм Іэщ1агъэм хуэІэижьу, ІыгъэІэ хэлъу зыкъызэригъэльэгъуам папщІэ фІыщІэ хуищІащ.

КІыщынэмыщІауэ, министрым и мурадщ уІэгъэ хъуа я лэжьакІуэхэм кьэрал дамыгъэхэр кьратыну Урысей МВД-м и унафэщІхэм я деж щигъэльэгъуэну.

Уэтэр Арсен и къулыкъу

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей ныщщхьэуІум и 6-м унафэщІхэм яригъэщІыхуащ КЪБР-м щыІэ МВД-м Ведомствэм щІэмыт и хъумакІуэ управленэ федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ кьалэнхэр зыгъэзащІэ, полицэм и полковник Уэтэр Арсен. Мы кьулыкъым пэрыувэн и пэкІэ Арсен кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр ирихьэкІащ, жэуаплІныгъэ зыхэлъ унафэщІу зыкъыгъэльэгъащ.

- Лэжьыгъэм зэрыхищІыкІыр, и Іэщ1агъэм зэрыхуэІэижьыр кьэплъытэмэ, Уэтэр Арсен ведомствэм щІэмыт хъумакІуэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ хъарэзыно хъунущ, - кьызыкГъэщащ Васильев Сергей.

* * *

Полицэм и полковник Уэтэр Арсен Мухьэмэд и къуэр 1956 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м къалъхуащ. Юрист Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органэхэм 1974 гъэ лъандэрэ щолажьэ. СССР-м и МВД-м и Омск еджапІэ нэхъыщхьэр, СССР-м и МВД-м и Академиер къиухащ. Бынит1 иІэщ.

«Лбгъэм» и орден, «Макаровым и кІэрахъуэ» Іэщэр кьыхуагъэфэщащ.

Полицэм и полковник Къэжакъ Нажмудин

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэм и унафэкІэ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІ кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну пщэрылъ щащІащ полицэм и полковник Къэжакъ Нажмудин.

* * *

Къэжакъ Нажмудин Машэ и къуэр 1962 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къалъхуащ. Юрист Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органэхэм 1984 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Ростов дэт Милиц школ нэхъыщхьэр къиухащ. Иужьрей кьулыкъуэм и пэкІэ КЪБР-м щыІэ МВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІу щытащ.

Криминал милицэм и лэжьакІуэ хэхьэрэ, «Жылагъуэ хабзэр хъумэным кьызэрыщыхэжьаныкІам папщІэ», нэгъуэщІ медалхэри кьыхуагъэфэщащ.

Унагъуэщ, бынитІ иІэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Шагин Сергей зэпеуэм щытекІуэхэм ЩІыхь тхыльхэр ярет.

● Зэпеуэ

ХьэщІэхэм хуагъэхьэзыр хьэпшыпхэр

Сирием къиІэпхъукІыжа ди хэкуэгъу Къумакъу Хьудэ зэпеуэм хэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкІэ и къэрал комитетым щыщхьэуІум и 5-м щызэхэтащ тхылъым-пІэм, щэкІым, жэзым, гъуапІэм, нэгъуэщІхэми тращІыхьа тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ, сурэткІэ, видеокІэ республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэр кьыщагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэм я ятІэрей зэпеуэм кьрикІуахэр кьыщапщытэж зэхьыхь.

ЗЭПЕУЭР кьыщІызэрагъэпэщар ди республикэм и щІыпІэ нэхъ тельыджэхэр екІуу кьыщыгъэлъэгъуа Іэдакъэщ1экІ зэмылІэужьыгъуэхэм я бжьыгъэм хэгъэхуэныщ, ахэр зи Іэрыкіхэр гъэгушхуэныщ, ауэ нэхъыщхьэр ди деж зыщызэгъэпэхуну кьакІуэхэр зыщалпІыхьа щІыпІэм, абы щыпсэу пІэпхъэм я щэнхабзэм, я тхыдэм дегъэхьэхыныщ, фэеплъу кьыздащтэн хьэпшып дахэ ди тыкуэнхэм щІэтыныщ.

- Мы зэпеуэм кьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсым и беягъэм, лъэпкъыу щыпсэуэхэм ижькІэрэ кьадекІуэкІ щэнхабзэ дахэм пщІэ хуэзыщІыф, ди щІыпІэр зэрытелъыджэм нэгъэсауэ гу лъызытэф щІыхуэхэмкІэ зэрыкъулейр, - жиІащ гъэлъэгъуэныгъэ теплъэ иІэу кьызэгъэпэща хъуа зэхьхьэр зи жэрдэм комитетыщІэм и унафэщІ Шагин Сергей. - Рекламэр сатур зыгъэкІуатэщ. Ар кьэтІыльэрэ, ди лэжьыгъэр мыпхуэдэ Іуэху дахэкІэ едгъэжьащ.

Зэхьыхьэр щекІуэкІ пэшым щегъэувэкІа Іэнэхэм зэгъэкІуауэ тегуэшат щІыхуэхэр туризмэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъэм дезыгъэхьэх сурэтхэр, видео нэтынхэр зытет дискхэр, Іэпэлэсхэм ящІа хьэпшыпхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэпеуэр Іыхьилпу гуэшат. Ятпэр - «Зым ейми емыщхь хьэпшып щІыкІу нэхъыфІхэр» жыхуиІэрщ, етІуанэр - «Полиграфием и Іэмалхэр кьагъэсбэлпурэ кьыщІагъэкІа тхылъ, сурэт нэхъыфІ», ещанэр - «Сурэт нэхъыфІ», еплІанэр - «Видеонэтын нэхъыфІ» зыфІащащхэрщ. Ятпэ увыпІищыр кьэзыхьахэм ахъшэ ирататщ, зэпеуэм хэта псомИ ЩІыхь тхылъ хуагъэфэщащ.

- Мыр ди хэкуэ. Ар кьэслъытэри, зэпеуэм сыхэтащ. Спортсменхэм, зызыплъыхь-зызыгъэпсэхуэхэм зыщатІагъэ хъуну мы плІэ щІыкІум и дизайнщ (и щІыкІэр, тхыпхъэщІыпхъэу тещІыкъыхэр) зэхэзыгъэувар сэращ. Дауи, сэ кьызгуроІуэ си Іэзагъым нэхъри хэзгъэхъуэн зэрыхуейр, - кьыддогуашэ Къумакъу Хьудэ. Ар Сирием къиІэпхъкІыжу ди республикэм и Прохладнэ куейм хьхьэ Благовещенскэ къуажэм дагъэтІысхьажа адыгэхэм ящІыщ.

Псори зэхэту зэпеуэм цІыху 20-м щІигъу хэтащ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Республикэм и теплъэр кьызыхэщ нагъыщэхэу зэпеуэм хуагъэхьэзырахэр.

● Банк Іуэхуэр

Я зэманым къахудегъахуэ

«Урысейм и ХъумапІэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы гъэм и бадзэуэгъуэ лъандэрэ кьыхилъхьа Іэмалыщ1эр - кредитым пыщІа чэнджэщ1эр банкоматрэ терминалкІэ хэхауэ зэрызэІэпах щыкІэр - абы и хэщІапІэ псомИ щызэтеуващ.

АР КЪЭЗЫГЪЭСЭБЭПЫНУМ щыхухэм Іуэхутхьебзэхэр щызэфІагъэкІыж банкоматым е терминалым я менюм «ЩІыналъэ платежхэр», «Банк Іуэхутхьебзэхэр» Іыхьэхэр, иужькІэ «Кредитым и заявкэ» кьопкэр кьыхихьэ хуейщ. Адэкіэ щІыхуэр зыхуэдэр (потребительскэ, псэупІэм, егъэджэныгъэм ехьэлІа е кредит картэ) егъэбелджылы, хуэзэ пщІэр щІетри, и телефон номерыр кьахуегъанэ. МахуитІым кьриубыдэу банкым и Іэщ1агъэлІым абы зыпищІэнурэ, щІыхуэ кьэщтэкІэм хигъэзгъэзэнущ, хуей хъумэ, кІэлъыкІуэнурэ тхьылъэр зэхуигъэкІуэнущ.

Нобэ ирихьэлІэу Іуэхутхьебзэхэр щызэфІагъэкІыж Іэмэпсымэхэмкіэ заявкиущ зыбжанэ Іахащ. Банкым и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий кьызэригъэльэгъуамкІэ, а Іэмалым цІыхухэм я зэманым кьахудегъахуэ. Иджы кредит кьэзыщтэнхэм я заявкэр а щІыкІэм тету щыхуей дыдэм ят хъунущ.

Урысейм и ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тезыр зыпшынхэр

ЩІым толэжьыхь

Урысейм Тезырхэр егъэпшынымыкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ1апІэу (УФСИН) КЪБР-м щыІэм тезырхэр щрахьэкІ и къудамэхэм ящыщщ Прохладнэ куейм хьхьэ Советскэ поселкэм щыІэ колоние №5-р. Республикэм и СМИ-м я лыкІуэхэр мы махуэхэм абы щыІащ. Журналистхэр щыгъуазэ ящІащ общежитхэр, шхапІэхэр кьыззрызэгъэпэщам. Ахэр щыІащ мэкъумэшым щелэжь гуБгъуэхэм, тезырыр зыпшынынэжхэм яІущІащ.

ДАУИ, тыншкъым хабзэм ебакъуэу лъэхъуэщым кьыщыхутахэм удекІуэкІынкІэ. Ауэ колонием и лэжьакІуэхэм къагуроІуэ тутнакъэм лей кьатемыгъэхьэным, ахэр гъэгу пэж тегъэувжьынымрэ иІэ мыхьэнэр зыхуэдизыр. КП-5 колонием и унафэщІ, къэрал кІуэцІ кьулыкъум и подполковник Іут Аслъэн зэрыжиІамкІэ, абы тезырхэр щапшынынрэ ятпэр щІэпхъаджагъэ мыхьэлъэ зыІэщІащІэхэм, тутнакъэм ящыщу фІыуэ зыкъэззыгъэлъэгъуахэм я Іуэхур зэрыхуагъэщащэ щыкІэу кьагъэкІуахэм.

- Ди колонием тезырхэр щызыпшынхэр щы гектар 696-м толэжьыхь. Абы мэкъумэш зэмылІэужьыгъуэхэр тращІэ, хадэхэкІхэр щагъэкІ. Бюджет мылъкур кьудэдгъахуэу ди колониер зыхуеину ерыскъыхэкІэмкІэ кьызэрызэдгъэпэщым и мызакъуэу, УФСИН-м и адрей кьудамэхэм хадэхэкІхэр, кІэртІоф еттыну Іэмал диІэщ.

Іутым кьыхихІэщащ зытелажьэ щІым кьыхьэгъэхъуэн зэрыхуейр икІи мэкъумэшхэкІхэр зытращІэну щІы гектар 300 кьратыным поплъэ. Адэкіэ журналистхэр щыІащ Іащ фермэм. Ар зыхуеину техникэкІэ кьызэгъэпэщащ. Абы щылажьэхэм я зыгъэпсэхупІэ пэшхэр кьабзэлъабзэу зэщІэкъуащ, я шхапІэри зэпэщащ.

Дызэпсэльа тутнакъэм зэрыжаІащи, абыхэм жэуап яхь я жеиПІэхэр, шхапІэр, библиотекэр, кьайгъэщІыла щІыпІэр кьабзэу, зэпэщу щытынымкІэ. Ар кьыхуагъэув кьалэным и мызакъуэу, езыхэми кьабгъэдэкІ жэрдэмщ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

● Тхылъыщ1э

«Си къуажэгъуэр»

Аращ зэреджэр иджыблагъэ Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тедзапІэм кьыщыдэкІа тхылъым. Ар и Іэдакъэ кьыщІэкІащ, езым зэрыжиІэщи, Хьэмидейм (Хьэпцей) кьыщащ1ухуа, Терексэм (Болэтей) курыт еджапІэр кьыщызыІуха, Новэ Хьэмидейм (Овцесовхоз) нобэ щыпсэу Дэцырхъуей Мусэрбий.

ДЭТХЭНЭ зы щІэджыкІакІыуэмкІи гурыІуэгъуэ, адыгабзэ кьабзэкІэ тха кьыдэкІыгъуэм ихуащ «къуажэ корреспондент» лэжьыгъэм гурэ псэкІэ пэрыта егъэджакІуэм и очеркхэр. Кьуажэ гъащІэм и лъныкъуэ псори, лъхъьэнэкІэ зэпыудыжауэ, кьэзыгъэлъэгъуа Мусэрбий и лэжьыгъэ купщІафІэхэр ди лъэпкъ тхыдэм зы напэкІуэцІу зэрыхэувэнур наІуэу, тхылъым пэщІэдзэ тхыгъэ хьэлэмэткІэ дыхешэ. «Революцэм ипсыхьахэм яхэтащ» фІэщыгъэм щІэту Мусэрбий щыгъуазэ дещІ Хьэмидей жьыгаГуэм кьыдэкІа Товэ КІуу. Октябрьскэ революцэшхэр кьэхъеин гъунэгъу щыхъуа лъэхъэнэм ар Петроград щыІащ, Путиловскэ заводым и хъумакІуэхэм яхэту. ЗэуІэпишэу укъоджэ урысыбзэ кьудейр ямыщІэу Урысей пхащІэм кьыщыхута Кавказым щыщ щІалищым я фэ дэкІа псом. Дауэ мыхъуми, Товэм и лъахэ кьиргъэзэжри илъэс 90-м щигъуэкІи псэужащ.

А лъэхъэнэ жыжьэм кьыщыщІэдзауэ Дэцырхъуейр апхуэдэу ятетхьихьащ Хэку зауэшхэм хэтахэм, фронт щІыб лэжьыгъэ хьэлъэр кьезыхьэлІаэхэм, колхозхэтхэм, ухуакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм.

Сыт хуэдэ лъэныкъуэкІэ зимыгъэзами, «селькоррым» хузэфІэкІырт цІыху нэсхэм я гъащІэр кьыдэкІуэтей щІэблэм гъуазэ яхуищІыныр. Апхуэдэщ коммунист лэжьыгъэм и кьару емыблэжу бгъэдэта Хамэ Мухьэмэт, ятпэ механизатору щыта Кьуцухьэбий ФІыцІэ, колхоз тхьэмадэу илъэс куэдкІэ лэжьа Хьэжу Анатолэ, адыгэ унагъуэм яхэхуа балъкъэр пщащэ Кэртий Сэкинатрэ абы и щхьэгъусэ Мухьэмэдрэ, нэгъуэщІхэри.

Дэцырхъуейм и очеркхэм кьызэщІаубыдащ ищхьэкІэ кьыхэдгъэща кьуажищми я тхыдэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ФІыщІэ

ФІыгъуэкІэ сыхуоупсэ

Зи цІэ кьисІуэну, фІыщІэ зыхуэсщІыну бзылъхугъэр хабзэрэ нэмысрэ зэшІэлъагъу, гукІи псэкІи хьэлэлу илъэс куэд щІауэ и Іэнатіэр езыхьэкІ, цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, Кэнжэ Къуажэ дэт пощтым и лэжьакІуэ Пщынокъуэ Анетэ Къантемыр и пхъурщ.

ЗЫ НЫБЖЬ гъэрым унэсамэ, зэрыжаІащи, уи гур пхъэр щхьэкІэ, уи пхъэр щІэкІыркъым. Кьапщтэмэ, си деж кІэ тыншкъым пощтым сынэсынри. Аращи, ЖЭК Іуэхутхьебзэхэм я уасэр зыкъом щІауэ Анетэщ схуеэзытыр. Зыхуей хуегъаз эри квитанцэхэр, кьэзыгъэзэж ахъшэр Анетэ кьысІэрегъэхьэж. Нэхъыжьым пщІэ хуэзыщІ, лэжьакІуэ пэж, унэгуащэ нэсщ Анетэ.

Си закъуэкъым далъагъу гуапагъэм папщІэ Анетэ фІыщІэ хуэзыщІхэр, абы хуэарэзащ ди кьуажэдэсхэр.

Анетэ, уузынщэу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ уи Іэпэгъуу, уи унагъуэр беягъ, нэмыс, насып щымыщІэу гъащІэ кІыхь къэбгъэщІэну сынохъуэхъу.

БАЛЭ Нусэ.
Кэнжэ къуажэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Нарт Ревез и гъэлъэгъуэныгъэм къэкІуахэм фІыщІэ яхуещ.

Пхъэм псэ хэзылъхьэ

Скульптор, пхъэм псэ хэлъхьэныр зи гъащІэ лэжьыгъэ Нарт Ревез (Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэ) и теплъэ игъурлыфэмрэ и ІэдакъэщІэкІэм къапкърыкІ хуабагъэмрэ къыщыпТепжьащ Сурэтыщ Іуязадж эмкІэ музейуэ Налшык дэтым. Иджы япэу зи Іэрыкі Іэр ди къалащхьэм къэзыша щ ыІуу Іэпщ Іэ-лъапщІэм и гъэлъэгъуэныгъэм щІыхь-шхуэ къекІуэлІат. Абыхэм яхэтт осетин сурэтыщІым и гуащІэм щыгъуазэхэри иджы япэу абы Іущ Іэхэри. Сэ етІуанэхэм сащыщт...

НАРТ Ревез пхъэм къыхищІыкІауэ къоп-сэлъэшьм хэдэ лэжьыгъэм я гугъу пщІын и пэ и Іэщ Іагъэр къыщежьар къэпщІэныр, и гъащІэ гъуэгуанэм уриплъэныр захуэу къыщІэкІынщ. Пкъэм елэжьыным, псэмрэ щхьэмрэ кьагъэщІ гупсысэхэр абы къыхэІуущІыкІыным къыхуигъэщІами ярей Ревез 1931 гъэм Квемо Халацани куржы къуажэ щІыкІым къыщІалъхуащ. ЖыпІэнурамэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щІыхь зиІэ и сурэтыщІ Нарт Ревез творческэ щІыху телъыдж къызэрищІыкІынур ар щІыкІу щІыкІэ наІуэ къэхъуат. Іэщ Іагъэм ехьэлІа япэ дерсхэр къызэрыІэрыхьэу, щІалэ щІыкІым пхъэм зыгуэрхэр кьыхибзыкІыу, къыхиІуущІыкІыу хуежьащ икІи егъэлеяуэ абы дихьэщ. Сурэтыщ Іи ныбжьыщІэм и Іуэху еплъыкІэмрэ лэжьыгъэ бгъэдыхьэкІэмрэ япсихьащ и ныбжьэгуфэм, а зэманым Куржым иІа лъэпкъ интеллигенцэм. ХудожествэхэмкІэ Тбилиси и академием пхъэм елэжьынымкІэ и факультетыр 1967 гъэм къиуха иужь, Ревез СССР-м и Художникхэм я зэгуфэныгъэм хохьэ икІи ерыщу лэжьэн щІедзэ.

Нартым и лэжьыгъэхэр екъуІэныгъэ иІэу зэман зэхуэмыдэхэм щигъэлъэгъуащ Тбилисирэ Цхинвалрэ, Владикавказрэ Москвэрэ, Болгариемрэ, Германиемрэ, Польшэм, Чехословакиемрэ. Аэр щ ыхъумэ Куржымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я музейхэм, Къуэкі ыпІэм щ ыпсэу я пъэпкъэм я музейм и гъэтІылъыгъэхэм зэлъщ. Бдзым къыдэкІуэу Ревез Іэкі уэлъакІуэу къеГъэсэбэн сурэт зэращІ кистри: гъащІэм, щ ыхъуэм, щІыуэпсым теухуа и гупсысэхэр ешэщІри, живописми аэр къыщегъэлъагъуэ. Ар щ ынэрылъагъущ Сурэтыщ Іуязаджэмкі э музейм и ещанэ пэшым - живопись лэжьыгъэхэр щ ыІэзэхуэхэсам.

Щ Ым телжьыхьым пщІэ щ ыхуащІ мэкъумэшыщІэ унагъуэм ныщ ыналъхуа сурэтыщ Іым гупсысэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ ц ыху гуащІэлажьэмрэ щ ыІуэпсым и хъуГуэфІыгъуэхэмрэ къзгъэлъэгъуэныр. Нобэр къыздэсми и гуащІэм ар щ ынэрылъагъущ, ахэращ и Іэдакъэщ Іэкі эм я нэхъыбэри. Езым нэхъ игъэлъапІэ лэжьыгъэ Іэрамэхэм ящ ыщ щ осетин Нартиадзм ехьэлІа декоративнэ паннохэр (музейм и япэ пэшым ращ ыІуущІэ). Апхуэдэуи Ревез и къару щ еплъыщ ащ унэ-лъапсэкэр гъэдэхэным икІи ар мыЕйуэ къ ьхуІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр хьащІэм хуэгъэзэ псалъэ гуапэхэмкІэ, кърихьэлІахэм ярих фІэхьусКІэ къызэІуихащ Сурэтыщ Ігъуаджэмкі э музейм и унафэщІ **Ащхъуэт Ритэ**. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм хуаІэну я мурад щэнхабзэ зэпыщІэныгъэм и щІэдзапІэ дахэ мы зэІущІэр хъуну зэрыщ ыгуГыр, Нарт Ревез и Іэдакъэщ Іэкі эр псоми ягу зэрырихьынум щ эч къзэрытримыхьэр къ ыхигъэща иужь, Ритэ ятэ псалъэр иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**.

- Фэри гу лъ ыфтаУэ къ ыщІэкІынщ музейм и пэшым укъ ызэрыщІ ыхьэххэу хуабагъэ, гуапагъэ гуэр къ ызэрыпІкърыхьэм. Ар пхъэм хъаруушхэу къ ызэрыпІкърыкІым, жьгыр гъащІэ дамыгъэу зэрыщ ытым я щ ыхьэтщ, - жиІащ Мухьадин. - Абы сурэтыщІ Іэпщ Іэлапщ Іэр елэжьхамэ, псэ Іутми ярейщ.

Скульптор цІэрыІуэм и зэфІэкІым, абы и лэжьыгъэхэр Налшык зэрыщ ащ ъагъур зэрагуапэм, дяпэкІи нэгъуэщІ сурэтыщІхэри къ ытхуеблагъэмэ зэрафІэфІым, дыдейхэм ящ ыщ Осетие Ищхъэрэм ягъэкІуэную зэрамурадым, лъапкъэм ягу дэлъ зэныбжьэгъуГэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми я гугъу ящІу зэІущ ы къ ыщІ псэлъащ «Ныхас» осетин щэнхабзэ центрым и унафэщІ **СуГкоев Рэмэзан**, «Леонин куржы щэнхабзэ центрым и тхъэмадэ **Лобжанидзе Анзор**, Урысейм и цІыхубз Іэпщ Іэлапщ Іэ, пхъэм елэжь скульптор **Мокаев Владимир**, КъБР-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгъ ьныгъэм и тхъэмадэ **Темырк ъан Геннадий** (зи унафэщІ Іуэхущ Іапі эм къ ыбГъэдэкІ фІ ыщ Іэ тхъ ьпиратащ). Къэпсэльхэм ящ ыщ щ ым къ ыззэрыхигъэщащи, Ревез и мурад, хъ ьупсапІэ щэхуэм ящ ыщ зыт и гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къ ыщ ызэІуихынри, ар къ ьхъ ьупІащ. Дяпэкі и сурэтыщ Іым гукъэкІ дахэу ищ Іыр къ ыхуэзэпищэну ди гуапэщ.

Езы Нарт Ревез псалъэ щ ытащ, зэІущ Іэр къ ыхуэзэзыГъэпэщ Іа Іуэхущ Іапі эхэми цІыху щхьэхуэхэми фІ ыщ Іэ яхуищ ащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэхэр, КъБР-м Сурэтыщ Іы ъазджэмкі э и музей Тканенко Андрей и цІэр зезыхьэр, абыхэм я унафэщ Іэхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ.

Бзиих ь, жыгей, дей, къэрэгъэш, чэщей, пхъэхуей лІэужьыгъуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэр щ ыхьэт наІуэ зэрытехъуэщ ы, Нарт Ревез и Гъащ Іэ Жыгэщ ы, абыхэм ф ахъащ ІыкІа теплъэгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къапкъ рыкІ дахагъэмрэ хуабагъэмкІэ цІыхухэм ядогуашэ. Ар зыхэфщІэну фыхуеймэ, шыщхьэуІум и 25-рэ хъуху зэман фІ ыщ Іи, фе-пІ ыщ Іэкі.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Нобэ Физкультурникым и махуэщ

Къару зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр

Физкультурэмрэ спортымрэ гъащІэм и зы Іыхьэщ. Мы гъэм илъэс 75-рэ ирокъу Физкультурникым и махуэр гъэлъэпІэн зэрыщІадзэрэ. Спортыр фІыуэ зыльагъу, гъащІэм жьыджэру хэт, зи узыншагъэр езыгъэфІэкІуэну хуей цІыху мелуанхэм, я Іэщ Іагъэм, ныбжьым, зыщ ыщ лъэпкъым емылъытауэ, а махуэр щ ыщхьэуІум и етІуанэ щ ыбгъэтым ягъэлъапІэ. Нобэ Урысейм и щ Ынальэхэми ди республикэми абы екъэлІа Іуэхуэгъуэхэр щ екІуэкІ ынущ.

ФИЗКУЛЬТУРНИКЫМ и махуэм и тхыдэр Хэку зауэшхуэм и пэкІэ къ ыщ окъ ь. Ц Ыхуэхэм фадэрэ тутыну нэхъ мащІэ ирафын, зыхуэмей Іуэхугъуэхэм димыхьэхьн папщІэ я Іэпхъ ьлъэпкъыр псыхъ ьн хуейуэ къ ьалъ ытащ икІи СССР-м и Цы ыхубэ Комисархэм я Советым и унафэкІэ Физкультурникым и махуэр 1939 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м япэ дыдэу ягъэлъэпІауэ щ ытащ. Абы л ьандэрэ илъэс 75-рэ дэкІащ. Мы І энатІэм зэхъ ьэкІ ынытгъэ зэхуэмыдэхэри игъуэтащ, арщхьэкІэ абы ди гъащІэм щ иІэ мыхьэнэр нэхъ мащІэ хъ ьуакъ ым.

Совет л ьэхъ ьэнэм зи вагъуэр л ыда спортсменхэр хэмыту а махуэшхуэр екІуэкІ ыртэкъ ым - гимнаст, топдзэгу, бэнакІуэ, нэгъуэщІ ирехъ ьуи. Е джанІэ нэхъ ьщхьэхэм физическэ щэнхабзэм и кудамэхэр, иужькІэ, физкультурникхэр щагъэхьэзыр е джанІэхэр къ ызэІуахауэ щ ытащ. Л ьэпкъ, щІэблэ узынщ ы иІэн папщІэ физическэ щэнхабзэм мыхьэнэщ ыхуэ зэрИэр властым къ ыгурыІуа нэхъ, а Іэщ Іагъэм гу л ыхтэ нэхъ ь ыбэ хуащ Іу щІадзащ, щІэрыІуэ хъуащ.

Ди республикэм спортымрэ физкультурэмрэ зыщ ещ ъэжьхьэм КъБР-м и Іэтащ ьхьэмрэ Правительствэмрэ хэл ьхьэныгъэ-шхуэ хуащІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кудщ ыжьрей зэманым республикэм и щ Ыхьэр урысей, европэ, дунейпсо утыкум щ ызыІэта спортсменхэр. Ипэжьыпэкі э щ Іалэгъуаэр зыдэплъеин, щапхъэгъэл ьагъуэ яхуэхъ ьн дыдэрыгушхуэ ди спортсмен цІэрыІуэхэм, екъуІэныгъэ л ьагъэхэмкІэ дызыщ ыгугъ ьэм къ ахэхъ ьуэ зэпытщ.

Зэрыжьыт Іащи, Физкультурникым и махуэр Урысей псом щагъэл ьапІэ. Абы и къ ьалэ, щ ЫпІэ куэдым зэхъ ьэзэхуэ зэмыл Іэужьыгъуэхэр щ екІуэкІ ынущ.

НОБЭ, щ ыщхьэуІум и 9-м, Нарткъ ьалэ и стадион нэхъ ьщхьэм щ екІуэкІ ынущ «Кавказ Джэгухэр» республикэ фестивальр.

Спорт махуэшхуэм хэтынущ республикэм и муниципальнэ щ Ынальэ псоми я гупхэр. Фестивальр къ ызэІуаха нэ ужь, программэм хагъэхьа спорт лІэужьыгъуэ 12-мкІэ зэхьэзэхуэр екІуэкІ ынущ. Абы къ ыркІуахэм япкъ ит кІэ яубзыхунущ Щэпщэн Республикэм и къ ьалащхьэ Грознэм 2014 гъэм фокІадэм и 7-м щ екІуэкІ ынну щ Ынальэ фестивальм КъБР-м и л ЫкІуэу зэтынуэр.

Зэрытраухуамкі э, аэр щ ыІуу 45-рэ хъ ьунущ: спортсмен 37-рэ, тренер 3, судьяуэ 4, л ЫкІуэхэм я унафэщІыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Пхъэм псэ хэзылъхьэ

Скульптор, пхъэм псэ хэлъхьэныр зи гъащІэ лэжьыгъэ Нарт Ревез (Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэ) и теплъэ игъурлыфэмрэ и Іэдакъэщ Іэкі эм къапкъ рыкІ хуабагъэмрэ къ ыщ ыпТепжьащ Сурэтыщ Іуязаджэмкі э музейуэ Налшык дэтым. Иджы япэу зи Іэрыкі Іэр ди къалащхьэм къ ызэ ыща щ ыІуу Іэпщ Іэлапщ Іэм и гъэлъэгъуэныгъэм щ ІыхьІэм и гуащІэм щ ыгъуазэхэри иджы япэу абы Іущ Іэхэри. Сэ етІуанэхэм сащ ыщт...

НАРТ Ревез пхъэм къ ыхищ ІыкІауэ къоп-сэлъэшьм хэдэ лэжьыгъэм я гугъу пщІын и пэ и Іэщ Іагъэр къ ыщ ежьар къ ьпкъ ыІэныр, и гъащІэ гъуэгуанэм уриплъэныр захуэу къ ыщ Іэкі ынщ. Пкъэм елэжьынымрэ, псэмрэ щхьэмрэ кьагъэщІ гупсысэхэр абы къ ыхьэІуущ ыкІ ыным къ ыхуигъэщІами ярей Ревез 1931 гъэм Квемо Халацани куржы къуажэ щ ыкІ ым къ ыщ ІалъхуащІ. ЖыпІэнурамэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щ ыхь зиІэ и сурэтыщІ Нарт Ревез творческэ щ ыху телъыдж къ ызэрищ ыкІ ынур ар щ ыкІу щ ыкІэ наІуэ къ ьхъуат. Іэщ Іагъэм ехьэлІа япэ дерсхэр къ ызэрыІэрыхьэу, щ Іалэщ ыкІ ым пхъэм зыгуэрхэр къ ыхихібзыкІ ыу, къ ыхиІуущ ыкІ ыу хуежьащ икІи егъэлеяуэ абы дихьэщ. Сурэтыщ Іи ныбжьыщ Іэм и Іуэху еплъыкІэмрэ лэжьыгъэ бгъэдыхьэкІэмрэ япсихьащ и ныбжьэгуфэм, а зэманым Куржым иІа лъэпкъ интеллигенцэм. ХудожествэхэмкІэ Тбилиси и академием пхъэм елэжьынымкІэ и факультетыр 1967 гъэм къ ыуха иужь, Ревез СССР-м и Художникхэм я зэгуфэныгъэм хохьэ икІи ерыщу лэжьэн щ Іедзэ.

Нартым и лэжьыгъэхэр екъуІэныгъэ иІэу зэман зэхуэмыдэхэм щигъэлъэгъуащ Тбилисирэ Цхинвалрэ, Владикавказрэ Москвэрэ, Болгариемрэ, Германиемрэ, Польшэм, Чехословакиемрэ. Аэр щ ыхъумэ Куржымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я музейхэм, Къуэкі ыпІэм щ ыпсэу я пъэпкъэм я музейм и гъэтІ ылъыгъэхэм зэлъщ. Бдзым къ ыдэкІуэу Ревез Іэкі уэлъакІуэу къ ьегъэсэбэн сурэт зэращІ кистри: гъащІэм, щ ыхъуэм, щ ІыуэпсыМ теухуа и гупсысэхэр ешэщІри, живописми аэр къ ыщегъэлъагъуэ. Ар щ ынэрылъагъущ Сурэтыщ Іуязаджэмкі э музейм и ещанэ пэшым - живопись лэжьыгъэхэр щ ыІэзэхуэхэсам.

Щ Ым телжьыхьым пщІэ щ ыхуащІ мэкъумэшыщІэ унагъуэм ныщ ыналъхуа сурэтыщ Іым гупсысэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ ц ыху гуащІэлажьэмрэ щ ыІуэпсым и хъ ьуГуэфІ ыгъуэхэмрэ къ ьгъэлъэгъуэныр. Нобэр къ ыздэсми и гуащІэм ар щ ынэрылъагъущ, ахэращ и Іэдакъэщ Іэкі эм я нэхъ ыбэри. Езым нэхъ игъэлъапІэ лэжьыгъэ Іэрамэхэм ящ ыщ щ осетин Нартиадзм ехьэлІа декоративнэ паннохэр (музейм и япэ пэшым ращ ыІуущ Іэ). Апхуэдэуи Ревез и къ ьару щ еплъыщ ащ унэ-лъапсэкэр гъэдэхэным икІи ар мыЕйуэ къ ьхъ ьуІэ.

Щ Ым телжьыхьым пщІэ щ ыхуащІ мэкъумэшыщІэ унагъуэм ныщ ыналъхуа сурэтыщ Іым гупсысэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ ц ыху гуащІэлажьэмрэ щ ыІуэпсым и хъ ьуГуэфІ ыгъуэхэмрэ къ ьгъэлъэгъуэныр. Нобэр къ ыздэсми и гуащІэм ар щ ынэрылъагъущ, ахэращ и Іэдакъэщ Іэкі эм я нэхъ ыбэри. Езым нэхъ игъэлъапІэ лэжьыгъэ Іэрамэхэм ящ ыщ щ осетин Нартиадзм ехьэлІа декоративнэ паннохэр (музейм и япэ пэшым ращ ыІуущ Іэ). Апхуэдэуи Ревез и къ ьару щ еплъыщ ащ унэ-лъапсэкэр гъэдэхэным икІи ар мыЕйуэ къ ьхъ ьуІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр хьащІэм хуэгъэзэ псалъэ гуапэхэмкІэ, къ рихьэлІахэм ярих фІэхьусКІэ къ ызэІуихащ Сурэтыщ Ігъуаджэмкі э музейм и унафэщІ **Ащхъуэт Ритэ**. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм хуаІэну я мурад щэнхабзэ зэпыщІэныгъэм и щІэдзапІэ дахэ мы зэІущІэр хъ ьуну щ ыгуГыр, Нарт Ревез и Іэдакъэщ Іэкі эр псоми ягу зэрырихьынум щ эч къ ызэрытримыхьэр къ ыхигъэща иужь, Ритэ ятэ псалъэр иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**.

- Фэри гу л ьыфтаУэ къ ыщ Іэкі ынщ музейм и пэшым къ ьызэрыщ ыхьэххэу хуабагъэ, гуапагъэ гуэр къ ызэрыпІкърыхьэм. Ар пхъэм х ьаруушхэу къ ызэрыпІкърыкІ ым, жьгыр гъащІэ дамыгъэу зэрыщ ытым я щ ыхьэтщ, - жиІащ Мухьадин. - Абы сурэтыщІ Іэпщ Іэлапщ Іэр елэжьхамэ, псэ Іутми ярейщ.

Скульптор цІэрыІуэм и зэфІэкІым, абы и лэжьыгъэхэр Налшык зэрыщ ащ ъагъур зэрагуапэм, дяпэкІи нэгъуэщІ сурэтыщ Іхэри къ ытхуеблагъэмэ зэрафІэфІым, дыдейхэм ящ ыщ Осетие Ищхъэрэм ягъэкІуэную зэрамурадым, л ьапкъэм ягу дэлъ зэныбжьэгъуГэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми я гугъу ящІу зэІущ ы къ ыщ Іэкі ынщ. «Ныхас» осетин щэнхабзэ центрым и унафэщІ **СуГкоев Рэмэзан**, «Леонин куржы щэнхабзэ центрым и тхъэмадэ **Лобжанидзе Анзор**, Урысейм и цІыхубз Іэпщ Іэлапщ Іэ, пхъэм елэжь скульптор **Мокаев Владимир**, КъБР-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгъ ьныгъэм и тхъэмадэ **Темырк ъан Геннадий** (зи унафэщІ Іуэхущ Іапі эм къ ыбГъэдэкІ фІ ыщ Іэ тхъ ьпиратащ). Къэпсэльхэм ящ ыщ щ ым къ ыззэрыхигъэщащи, Ревез и мурад, хъ ьупсапІэ щэхуэм ящ ыщ зыт и гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къ ыщ ызэІуихынри, ар къ ьхъ ьуІащ. Дяпэкі и сурэтыщ Іым гукъэкІ дахэу ищ Іыр къ ыхуэзэпищэну ди гуапэщ.

Езы Нарт Ревез псалъэ щ ытащ, зэІущ Іэр къ ыхуэзэзыГъэпэщ Іа Іуэхущ Іапі эхэми цІыху щхьэхуэхэми фІ ыщ Іэ яхуищ ащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэхэр, КъБР-м Сурэтыщ Іы ъазджэмкі э и музей Тканенко Андрей и цІэр зезыхьэр, абыхэм я унафэщ Іэхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ.

Бзиих ь, жыгей, дей, къ ьрэгъэш, чэщей, пхъэхуей лІэужьыгъуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэр щ ыхьэт наІуэ зэрытехъуэщ ы, Нарт Ревез и Гъащ Іэ Жыгэщ ы, абыхэм х ьакъ ыщ ІыкІа теплъэгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къапкъ рыкІ дахагъэмрэ хуабагъэмкІэ цІыхухэм ядогуашэ. Ар зыхэфщІэну фыхуеймэ, шыщхьэуІум и 25-рэ хъ ьуху зэман фІ ыщ Іи, фе-пІ ыщ Іэкі.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ШыщхьэуІум и 10-р УхуакІуэм и махуэщ

Я пщІэр лъагэщ, я щІыхьыр инщ

УхуакІуэ Іэщ Іагъэр нэхъыжь дыдэхэм ящ ыщ щ. Абы хуэІэзэхэм я пщІэр дапщ эщ ы лъагэщ, я щ ІыхьыР инщ. Нэхъыжьы Іуэхэм фІ ыуэ ящ Іэж Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэр егъэфІэкІуэным, Цы ыхухэр псэупІэ тэмэмкІэ, социальнэ Іуэхущ Іапі э екІуэхэмкІэ къ ызэгъэпэщ ыным ди ухуакІуэхэм къ ьаруушхэ ирахьэлІэу зэрыщ ытар. Иужьрей илъэсхэм щ ытыкІэм зихъ ьуэжами, нобэрей зэманым къ ыгъэувхэм лэжьыгъэфІкІэ пэджажь, я І энатІэ мытынщ ым хьэлэ ну пэрытщ, республикэм и зыужьыныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащІ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм къ ьита бжыгъэхэм зэрыжаІэмкІэ, илъэс кІуам псэупІэу метр зэбгъэзнатІэ мин 275,4-рэ яухуащ. Мы гъэм и япэ мазихьм метр зэбгъэзнатІэ мин 93-рэ хьэзыр ящІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ л ьэхъ ьэнэм яхуэзфІэкІам проценти 9,8-кІэ щІегъу. Илъэс нык ъуэм къ ьриубыдэу фэтэр куэд х ьу унэу 19 ятащ, псэупІэ къ ьаха хэхэм, нык ъуэкъ ьутэхэм къ ыщІ агъэкІаХэм метр зэбгъ ъуэнатІэ мини 9,3-рэ хухахащ.

Мы л ьхъ ум и къ ыхэкІ ыпІэ псоми я хьэкъ ьІэ, сом меларди 7-рэ мелуан 585,7-рэ и уасэ ухуэныгъэ нэгъабэ ирагъэкІуэкІащ. Ар и пэ ита илъэсым елъытауэ проценти 104,7-рэ мэхъу. Мазихьм сом меларди 2-рэ мелуан 347-рэ е гъэ кІуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 20,5-кІэ нэхъ ыбэ къагъэсэбэнащ.

Илъэс кІуам ящ ыпІэ мазищ ымрэ объект 28-рэ яухуащ икІи эрагъ ъэпэщ ыжащ. Абыхэм ящ ыщ у 21-р зэ ынщ агъэр хъ ьумэным и Іуэхущ Іапі эщ. Хьэтуей, Тащ ы-Тала, Лэскэн ЕТІуанэ жылагъ ьуэхэм фельдшер-акушер пунктхэр къ ыщ ызэІуахащ, Урыс къ ьуэхэм и курыт еджапІэр зэрагъэпэщ ыжащ. Сэрмакъ, Къэхъ ун, Жэмтхъэлэ Ипщэ, Пл ановскэ, Котляревскэ, Куба жылагъ ьуэхэм физкультурэ, узынш агъэр щрагъэфІакІуэ комплексхэр ащ Іыхьащ. «Налшык» курортым Щэнхабзэмкі э и унэр, Музыкэмкі э театрыр зэгъ ъэпэщ ыжыныр мы гъэм яухынущ, Нартан къ ьажэм ФОК, Іэдииху къ ьфлэм еджапІэ, Анзорей сымаджэщ щ ахуэнчуэ. Апхуэдэу Налшык, Прохладнэ къ ьалэхэм, Нарткъ ьалэ, Каменномост, Жэмтхъ ьалэрэ Курп Ипщ эрэ сабий гъэсапІэхэр щ ащІ ынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъ ьуэ 40-м фельдшер-акушер пунктхэр щ ахуэнущ.

Программэ хэхам зэрыщ ыубзыхуам тету, Налшык, Тырныауз, Май къ ьалэхэм, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ муниципальнэ районхэм ящ ыщ у Цы ыхуэ 825-рэ мы л ьэхъ ьэм зэнэхъ ьэм къ ыщІ агъэІ эпэхъ ьуКІ ынущ. Къ ьинщ ымэщІ ауэ, «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и Цы ыхуэхэр псэупІэкІэ къ ыззэрыгъэпэщ ынур» Къэрал программэм нэгъабэ л ьандэрэ ягъэзащІэ. Абы ипкъ ит кІэ, унэгъ ащІэу 199-м зыщ Іагъ ьэкъ ащ, сабий зеинш эхэм псэупІэ пэщ 80 къ ыхуащ эхуащ, Хэку зауэшхуэм и ветерану, хэкІуэдахэм я унагъ ьуэхэм ящ ыщ у 30-м мы л ыку хуахащ, нык ъуэдык ъуэ щ ыІ эу унагъ ьуэу 45-м, федеральнэ хабзэмкІэ зыхуэфащэу 15-м къ ьрал псэупІэ сертификатхэр ираТащ. Зэрагъэбедж ылам хуэдэу, унэгъ ащІэу 206-рэ, жьэн уэ зэрыщІ ала зыпкъ рыт сымаджэу 20 мы гъэм псэупІэкІэ къ ыщ ъэрагъ ъэпэщ ынущ, сабий зеинш эхэм пэш 95-рэ ящ ыхуащ эхунущ.

Цы ыхуэ щхьэхуэхэм ипотекэ кредит къ ызэрыІ ах щ ыкІ ыр ирагъэфІакІуэ. Псалъэм папщІэ, анэ (унагъуэ) мылъкум и къ ьрал сертификат зиІэхэм къ ащ ъэ щ ыхуэхэм щхьэщ атыкІ ыпхъэхэм ящ ыщ Іыхьэ хуатыжьн папщІэ, 2013-2014 гъэхэм республикэ бюджетым сом мелуани 9 щ ыхуахащ. Абыкі э унагъ ьуи 107-м зыщ Іагъ ьэкъ ьуэнущ.

Мис апхуэдэ л ьэжьыгъэрэ мурадрэ я Іэу ди республикэм и ухуакІуэхэр я махуэм нрохьэлІэри, я гуащІэм и хъ ьрэ куэд я л ьагъ ьуну, я щхьэкІи, я унагъ ьэКІи зэхуэмыдэхэу пщІэшхуэ зиІэ я І энатІэм нэхъри щ ехъ ьулІэну ди гуапэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Зэщхьэщ ыхауэ къ ыІахыну хуитщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым фигу къ ьгъэкІ ыж: федеральнэ льготэ зиІэхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр ахъ ьнэкІэ яхъ ьуэж хъ ьнущ. Абы хуэзэр зэрыщ ыту е Іыхьэ-Іыхьэу къ ыІахыну хуитщ.

2014 гъэм мэльж ыхьым и 1-м къ ыщ ыщІэдзэуэ щ Ыхьэхэм хуащІэ социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм маэзм сом 881-рэ кІэпІейкІэ 66-рэ хуоз э.

Абы щ ыщу:

- сом 679-рэ кІэпІейкІи 5-р зыхуей хущ ъхъ ьуэхэкІ ыхэмкІэ къ ыззэгъэпэщ ыным;

- сом 105-рэ кІэпІейкІи 5-р уз гъэтІ ылъ ахэр профилактикэ щ ыІ ым папщІэ санаторэ-курорт путевкэхэр х ьахуд эхыным;

- туэни 9-рэ сомибл рэ кІэпІейкІэ 53-р къ ьалэ гъ ьнэ гъ ьщІ гъ ьуэгу транспорткІэ, апхуэдэу къ ыщ ІэзэзыГ щ ыПІэм щ ыкІ ыУэмрэ къ ыщ ыкІ ыУэмрэ къ ьалэ зэхуэмыдэхэм транспорткІэ пщІэнщ эу къ ьешэкІ ыным.

Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пІэкІэ ахъ ьщэ къ ьхэфхуэ къ ыкІ ЭлъыкІуэ илъэсхэм а щ ЫкІэм фытетынумэ, фи мурадыр фхъ ьуэхыху Пенсэ фондым зыхъ ьмышІ ъазэм я хъ ьнущ.

Фыхущ Іегъ ьуэжу гъэ фызыхуэкІ ыуэм и щ ЫмышІ ымэ и 1-м щ Іегъэжьауэ социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр аргуэру къ ьзвгъэсэбэныну фыхуеймэ е ахэр япэу къ ьІыфхыну фыхуитмэ, фыщ ыпсэу щ ІыпІэм щ ыІэ Пенсэ фондым л ьэІу тхыльхр (заявленэ) жэпуэгъ ьуэм и 1-м и пэ къ ыхуэу щ Іэфхъ ьхэ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къ ьудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Фэеплъ сурэт зытрагъэхащ Аттоевэ Лейлэ, Ольмезов Абдул-Хьэлым, Къумахуэ Аслъэн сымэ.

● Кыщокъуэ Алим и цІэр зэрехьэ ● Лыгъэ

Адыгэ тхакІуэшхуэм и Іуащ Іхьэм тетщ Эверест и щ ыгум дэкІа Ольмезов Абдул-Хьэлым.

Кыщокъуэ Алим и цІэр зэрехьэ

абыхэм я псэр зэрызэрыгъ ъэтыжам хуэдэу, иджы я Іуащ ьхэкІэр зэхуэпльэу, «Башиль» ауэр яхъ ьмэ хуэдэу, адрей Іуащ ьхэкІэм къ ьахуеплъ ьхуэ тетынущ.

Гупым хэта дэтхэнэми ди гур гуфІэгъ ъуэм зэщІ ыпхъ ьэ. Бжьэпэм дытету ди нэр здынэплъ ысыр къ ъэтплъ ьхь пэтми тфІэмащІэу, къ ьдэкІ ыгъ ъуэр къ ызэрыгъ ъэтщ ьхъ ьуар зы-хуэтІ ъуэтэжурэ, усакІуэм и Іэдакъэщ Іэкі эр зигу къ ызэрыгъ ъэкІ ыжи къ ыт-хэтт. Абдежьм ди нэхъ ыщІэ Тамыри и зэфІэкІ ыр къ ыгъ ьлъэгъ ъуащ - Кыщокъуэ Алим и усэ цІэрыІуэ «Кулиев Къайсин» жьхуиІэм гукІэ къ ыт хуеджащ.

Пшагъ ъуэ мащІэ къ ъурш эм къ ащ-хьэщ ыхьэу щ ыт ПІ ъагъ ъэм, зыдмы-Іэжьэу дежьхьэжмэ зэрынэхъ ыы-фІ ыр къ ыдгурыІуащ. Щ ЫхумрэІуэу зыгуэр къ ыщ ІехьэпІэм и деж абы иджыри къ ыкІэІ ыхьэу зыхуей нэгъ ъуэщІ зыгуэри игу ирелъхь. Си гугъ ъащ дэтхэнэ зыми щэхуу апхуэдэ гурылъ бгы щ ыгум щ ищІауэ. Дэтхэнэри гупсысэ гъэрм хэту щ ыму гъ ъэгу дык ъ ыт еуВжащ.

... АУЭЫР къ ъзыхъ ъуреиХь хэуэ хэт мэзыпІ ъэщ, хэт мывэ къ ыр защІ эщ, хэти тольъ ъ ыным хуэдэу ж ым зэрихьэу удэпІ щ ІыгъэмрэгъэГъа зэмыфэгъ ъуэмрэ щ Іагъэнащ, абыхэм ф апих мэ гуакІуэхэм уи щхьэр яГъ ъуанаэзу к ъ ыпщ охьу. Къ ьехьж ыгъ ъуэр щ ыхьэ ПІ ъ ъуэ щ ІыгъэмрэгъэІ ъ ъуэ акъ ъж мащІэ к ъ ыкІ ъ ъуэщ. Ди Іур игъ ъщ ыкІ ыуэ л ъэгум дык ъ ыщ ысІ ыжм, мы щ ІыпІ эхэм щ ыкъ ъэд псынэпс ежхэхэм я зыхъ ъэм дежь дык ъ ыщ ыгъ ыВэрм ди псыхуэлІэр ид ГъэжІащ. Мыгъ ъэу альПлагерым дык ъ ыт хъ ьэжащ икІи ди х ьалэнрыр нэсу зыгъ ъэзэщ ІагъэпІ э щ ыпхъ ьэщ-хьэм Налшык дык ъ ыкІ ъ ъэжащ.

Дунейм ехьжа тхакІуэм ар къ ызыхэкІа цІыхубэм хуищ Іэжьэфыр ар щІэблэхэм яГу ильныкъ, и фэеплъыр игъ ъэзэпІэныкъ. Гъэзэ дахэкІэ зыхъ ъэупсА щ ыналъэм ъ ъ ъ ъ ъ ъ ъ ъ ъ

● Жыэгъуэхэр

Щхьэ зыфIэтым жьэр йокIу

♦ЦIыхур номиным къытехьIауэ уи фIэщ зыщIын куэд дыболъагъу.
♦ЩIэм щыщу щхьэм текIуадэр зыщ, къэнар щхьэншагъэм ехь.
♦Япэу уи тхьэкIумэм хъицырхъар зэхъуэкIыжыгъуейщ: пэжми пцIыми.
♦Нэрылъагъу уи гугъэу зумыгъэIу, щэху къыпщыхъууи зумыущэху.
♦Щэху зи яку дэлъхэр зэфIэнэжмэ, дзыхь зэхуащIам хущIогъуэж.
♦Гуэвэгъуэм гуныкъуэгъуэр пIэщIегъэгъупщыкI.
♦Гум зэ зыззридзэмэ, зэрылъэфыжи пэт, и кIэм унэсынкъым.
♦Гумрэ щхьэмрэ щIызэмыакъылэгъу умылэжь.
♦Псэм бэмпIэгъуэ телъмэ, узыншагъэми IэфI щIолъхьым.
♦Псэр зыгуэрым и Iэмыщ1э илъмэ, хьэзаб телъщ.
♦Щхьэ зыфIэтым жьэр йокIу.
♦Гъатхэр блэкIакIэ пэплъэн кьагъанэркъым.
♦Гъащ1эр щIыхуэщ, къозытам пIехьыж:ептыжын-иумытыжынкIэ къоупщIыркъым.
♦Гъэгъам псэр пIэпех, ныбэр дихьэхыркъым.
♦Зи щхьэр хэутэн хъунур и щхьэфэм щысхьыркъым.
♦Зи щIыб къыпхуэзыгъаэзм и напэр нэхъ Iупщ1у болъагъу.
♦Зи щхьэ и унафэ зыхуэмыщIыжым къыхуащI и унафэщ.
♦Къэзыгъуэт зэпымыууэ мэлъыхъуэ.
♦Лэжьыгъэм зыпыIубдзмэ, гугъуэхьым упэщIохуэ.
♦МафIэм исын пэрымыдзэмэ, зэхохIэж.
♦Нэр изыщIыр умылъагъумэ, къэзыгъэплъэжми гу лъэпIэркъым.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Адыгэ цIэрыIуэхэр

Темыркъан Юрэ и адэжь хэкум къэкIуэжащ. Абы къыбгъэдэтщ и къуэш Борисрэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ.
2014 гъэм, шыщхьэуIум и 6-м.

● Хъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфI НэщIэпыджэ Тамарэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъумкIэ дохъуэхъу!

Уи гум и къабзагъэм уи дунейр дэщIэращIэу, уи лъэр щIэзыгъэкI уи щIэблэм я хъер пльагъуу, узыншагъэ быдэрэ гурыфIыгъуэрэ ущымыщIэу куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу! Щапхъэ зытетх нэхъыжьыфIу, лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэ бзылъхугъэ гуакIуэу, нэхъыжьми нэхъыщIэми ядекIуэкIыф цIыху щыпкъэу ухытхэтщи, иджыри куэдрэ ди япэ уитыну дыпхуохъуахъуэ!

ФIыуэ укъэзылъагъу уи благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ!

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэш зыдэлъ дэлэн

Джэшыр зэхадз, ялъэсри псы щIыIэ щIакIэ, мафIэм трагъэувэри ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. ИтIанэ шыгъу хадзэри, хьэзыр хъуху ягъавэ.

Джэш вам и псыр щIагъэжри, езыр пщтыру яуб бэлагъкIэ е убалъэкIэ, шыгъу, бурш хьэжа, джэдгын, тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шатэ тIэкIу хакIэри, псори зэхагъэзэрыхь.

Пщагъэ хэлъу тхьэв ягущ. Ягъажьэ лы зыдалъ дэлэным хэдзу. Зэпагъэжри хуабэу яшх шатэ и гъусэу.

Халъхьэхэр:

Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 10, джэдыкIэ цIынэу – 1, шыгъуу - узыхуэйм хуэдиз.

Дэлэным дэлъынур: джэшу - г 1000, бжьыныщхьэу - г 200, тхъуэ - г 200, шатэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, бурш, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз; дэлэн жьам щахуэ тхъуцIынэу - г 30.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхьжащ.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

Тэрэзэ гъэщIэгъуэн

СримыхьэлIамэ, си фIэщ хъунтэкъым апхуэдэ тэрэзэ щыIэу. Пэжщ, зэхэсхырт зэрыщыIэр, ауэ си фIэщ схуэщIыртэкъым. АтIэ иджы, куэд щIакъым, си нэкIэ слъэгъуауэ апхуэдэ тэрэзэ...

Зысшэчынщ, жысIэу тэрэзэм сызэрыгъуэзэ, хьэлъагъэр къэзыгъэлъагъуэ стрелкэр занщIэу дэлъеящ. ШэчакIуэр Iэбэри гыри трилъхьащ. Стрелкэм зигъэхъейри си хьэпъагъыр кьэпща хуащ: килограмм 80! «Фльэгъуа!» жысIэу, си пэр Iэтауэ сыкъыщыIыкIыжым, зы лIы къуэгъу цIыкIу гуэр къэсри тэрэзэм теуващ.

ШэчакIуэм, кьащIылъэтауэ, абы и щхьэр хуегъэщхъ, «къеблагъэ, къеблагъэ, Чэрим!» жиIэу. Трилъхьа гырэзхуитIыр зэрытелъу, сеплъурэ стрелкэр дольей, ауэ шэчакIуэм ар зыкIи фIэгъэщIэгъуэн хъуркъым, мэIэбэри аргуэру зы гыри нэхъ цIыкIуIуэ трегъэвэ.

- Килограмм 81-рэ, Чэрим! - жеIэ абы, лIы къуэгъу лъахъшэм хуэгуфIэу еплъурэ. ЛIыр арэзы хъуауэ IуокIыж.

- ПцIы еупс уи тэрэзэм! - сокIий сэ. - Мо лIы цIыкIум апхуэдиз къишэчынкIэ Iэмал иIэкъым.

ШэчакIуэр щытщ и пащIэкIэ щIогуфIыкIри. ИтIанэ си тхьэкIумэм гъунэгъу зыкъыхуещIри щэхуу къыжеIэ:

- Уэ пщIэрэ а лIыр хэтми? Ди объединенэм и унафэщIыращ! Ар есащ и михьэлъагъ и хьэлъагъуэ псоми закъыфIигъэщIу. Армыхъуамэ, щIалэ, си тэрэзэм лажьэ иIэкъым. КъьбгурыIуэиджыI? Ауэ умыпIащIэ, а ди унафэщIым къишэчыр зыхуэдиз дыдэр куэд мыщIэу къиригъэльэгъуэнщ си тэрэзэм!

Ар жиIэри лIыр и Iэхэу и ужь ихьэжащ: «Ей, хэт зишэчыну идджыри?»

УкъызэригъэщIауэ щыт

Зы пщэдджыжь гуэрым быдыр зыщIэт шэщ цIыкIум къыщIагъэкIэжа мапIэри кьелъагъу абы и бжэм мелкIэ ину тетхауэ тету: «Мыбы щIэтыр адыгэш хьабзэщ».

Быдыр гуфIащи, зыхуэза и шыдэгъуэр къешэри бжэм тетхар ярегъэльагъу. «Иджы фи фIэщ хъуа сэ сызэрыадыгэшыр?! Фи гугъати, фэ фхуэдэу, сэри сышыдыI»

Гупым зы шыдыхъу бзаджэжь хэтти, жеIэ:

- АтIэ, ар пэжмэ, щыщыт шым хуэдэу.

- Ар Iэхъу-тIэ, фыкъэдаIуэ! - жеIэри, щыщыну хуожьэ, арщхьакIэ, ар къемыхъулIэу, шыд кIиикIэу ину мэкIий:

- Иия!..

Псори зэщIодыхьэшхэ, ар ауан ящIу.

Шыдыхъум жеIэ:

- Умыделэу, Тхьэм укъызэригъэщIауэ щыт.

IуагъэзыкIри шыдэр IуокIыж, мыдрейр нэщхьейуэ и закъуэу къаганэри.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

ХЬЭХ Iэминат

Гъатхэм нэпс щIегъэкI

Рассказ

Ланэ лэжьапIэм щIэкIыжащ, сыхьэтих иригъэкIри. ПсынщIэу унэм нэсыжыну хуейт ар а махуэм. ЩIыбым къыщIэкIа ижь уафэрэгъуагъуэ макъыр зэхихащ, асыхьэтуи уэщх иным къыщIдзащ. Жыг щIагъым псынщIэу щIэуващ хъыджэбзыр, и машинэм нэсыну хуэмыхъуу.

- Гъатхэм нэпс щIегъэкI, - жиIащ жыг щIагъым къыкIэльыщIэувам.

- Ы-ы... - къыгурыIуакъым Ланэ.

- Нэщхьеягъуэ гуэр къэхъунущ, аращ апхуэдэу щIыжысIэр.

- Уэщх къешхмэ, ар нэщхьеягъуэ, сытми? - зэгуэпу жиIащ хъыджэбзым.

- НэхъыфIщ апхуэдэу уэзригучэр, ауэ...

- Сыт «ауэ»? - щIэупщIащ Ланэ, арщхьэкIэ щIалэр щытыжтэкъым.

Куэд мыщIэу уэшхми щигъэтыжащ, къэхъуар кьызыгурымыIуа хъыджэбзыр и машинэмкIэ кIуэжащ. Ланэ щIалэм жиIар пщыхьащхьэ хъуху и гум икIакъым. «ЩIхьэ апхуэдэу жыпIэн хуей? Уэшхым Iейм дыхуишэрэ сытми? Хьэуэ, пщIыщ ар, пщIыщ», - губжьыр хъыджэбзыр. Ар Асльэн ежьэрт, жриIэжьну хуэпIащIэрт зэхихар, ауэ щIалэм и мыхабзэу зигъэгувэрт.

- Гъатхэм нэпс щIегъэкI.

- Сыт къэхъунур?

- Куэд мыщIэу ар уэ къэпщIэнущ, Ланэ.

- Сыт къэсщIэнур?

Ланэ къэушащ. Сыхьэтитхур екIуэкIырт. ПщIыхьэпIэ илъэгъуам егупсысу здэщыIыным, и телефоныр кьеуащ. Асльэн и гугъащ.

- Ланэ, Ланэ... - хъыджэбз макът.

- Хэт ар?

- Ар Асльэн и шыпхъу Ирэщ. Си хъыджэбз цIыкIу, ди щIалэм и машинэм мы жэщым зыгуэр кьыжьэхэуащ. Сымаджэщым къэтшащ, дыкъэгъэгугъэркъым.

- Гъатхэм нэпс щIегъэкI, - жиIэри Ланэ трилъхьэжащ трубкэр.

Къэхъуар махуэ псом и щхьэм изагъэртэкъым абы. Асльэн деж кIуэну мурад ищIащ Ланэ. Сымаджэщым нэса ижь, Асльэн и шыпхъу Ирэ зыхуигъэзащ абы.

- Дохутырхэм зыкъыщIэжауэ жаIаш, ухуеймэ, ущIэдгъэхьэнщ абы и деж.

- Сыхуейщ, сыхуейщ, - гуфIащ хъыджэбзыр.

Куэд мыщIэу Ланэ щыхьащ щIалэм деж.

- Асльэн, Асльэн! - хуэмышэчу гъащ ар.

- Уэуэхэт? УсцIыхурэ? - къыгурымыIуэу жиIащ щIалэм.

- Дауэ? Сыт сыщIумыщIыхур? Ланэщ си цIэр. Сыпщыгъупщэжа?

- УсцIыжуркъым. Кхьыlэ, си деж укъэмыкIуэ, - Асльэн апхуэдэу жиIэри бжэмкIэ Ланэ хуигъэлъэгъуащ.

- Хьэуэ, сыкъэпщIэжьн хуейщ. Сэ уэрыншэу сыпсэуфыну? Хьэуэ. Сэ махуэ къэсыху сыкъэкIуэнщ, ауэрэ сыкъэпщIэжьнщ. Сэ укъэзгъэнэнукъым, - Ланэ гъащ.

- Хъыджэбз дахэ, умыгъ, ауэ сэ жысIэм сытекIынукъым. УкъэмыкIуэ, укъэмыкIуэ си деж, - щIэгуэуащ ар Ланэ.

Ирэ и адэ-анэм и гъусэу къэушыхьащ, кIий макъ щызэхихым.

- Кхъыlэ, мы хъыджэбзыр си деж къэвмыгъакIуэ. Сльагъуну сыхуейкъым, сызэхэфхрэ, сыхуейкъым.

Унэм къэсыжа иужь, куэдрэ гупсысэу щысащ Ланэ. Асльэн къызэримыцIыхужар и жагъуэ хъуат абы. «Гъатхэм нэпс щIегъэкI. Пэжщ ар». Игу къэкIыжащ щIалэм къыжриIар.

Пщэдджыжьым Ланэ сымаджэщым кIуащ, Асльэн емыдаIуэу. Къэхъунур ищIэрт абы. Ирэ, хъыджэбзыр къыщIлъагъум, занщIэу къыбгъэдыхьащ.

- Ланэ, фIыуэ утлъэгъуащ ди унагъуэм, удыдейуэ сыт щыгъуи дыбжащ, ауэ Асльэн жиIам дебэкъуэну дыхуейкъым. УкъэмыкIуэ, уи Iэхъу иужь и, Алыхьым насыпыфIэ уищI.

Ланэ и гъащIэр къэувыIаи хуэдэт, къэхъуар апхуэдизкIэ и гум ежэлIати. Зыми къамылъагъумэ, къемыпсалъэмэ, нэхъ къищтэрт абы. И фIэщ хъуну хуейтэкъым Асльэн апхуэдэу кърищIэфыну. ХищIыкIрэт абы щIалэм и гум къыщIекIуэкIым? Хьэуэ... Асльэн апхуэдэу щIищIар Ланэ папщIэт. Ар гуфIэу, гушхуэу дунейм тетмэ нэхъ къищтэрт, щIалэ сымаджэм кIэлъыплъ нэхърэ. Зэм-зэм хуэмышэчу къыщIехьынут, сыщIалэу си гъащIэр пкъутащ, сыхъуапсэу зэманыр макIуэ, жиIэнут. Апхуэдэу къэмыхъун щхьэкIэ, Асльэн Ланэ иутIыпщащ, и гур къиузыкIыпурэ.

Ильэсищ дэкIащ. Ланэ и гъащIэм зыкIи зихъуэжатэкъым. Гъатхэ уэшхыр къыщешхым деж Асльэн игу къэкIыжыт. Гъатхэпэр екIуэкIыт. Ланэ зигъэгувауэ лэжьапIэм къыщIэкIыжырт. Уафэр къызэщIэуфыцIат. Хьыджэбзыр псынщIэу и машинэм зэрынэсыжьэн Iуэху зэриихуэрт, уэшхым къыщIимыдзэ щIыкIэ. АрщхьэкIэ хуэхъуакъым. Уэшх иныр къельэлъэхащ. Жыг щIагъым занщIэу зыщIидзащ Ланэ.

- Гъатхэ уэшхыр сфIэщIыIэщ.

ЩIалэ макъ гъунэгъу дыдэу къэIуащ. Хъыджэбзым зыкъыгъэзащ. ИлъагъуI и фIэщ хъуртэкъым абы. Асльэнт къепсальэр.

- Ланэ, уэра? - укIытэжащ щIалэр.

- Си цIэр пщIэжрэ уэ, ситми? Сыпщыгъупщэжауэ, сумыщIыхуу, сыпщIыхуну ухуэмейуэ щытащ. Сыт иджы къэхъуар? Сытым зихъуэжа? - мыувыIэу жиIащ хъыджэбзым.

- Апхуэдэу, кхъыlэ, жумыlэ. Си гур къыбогъэузыкI. Уэ пщIэркъым сэ мы илъэсищым гугъу сызэрехьар.

- Гугъу уэра ехьар? Си фIэщ хъункъым. ПщIыщ. Сэ сщIэнур къысхуэмыщIэу, гупсысэм сиIуэ, си лажьэр сымыщIэу, уэркIэ сысымэджащ. Ауэ уэращ гугъу ехьар. УкIытэ, апхуэдэу жыпIэн и пэкIэ, - губжьащ Ланэ.

- Сэ сыт сщIами уэ щхьэкIэ сщIауэ аращ. Уи гъащIэр дахэу пхьымэ нэхъ къасщтэрт, сэ сыхъужьхуу укъызбгъэдзэ нэхърэ. Сэ куэд щIакъым сызэрыхъужрэ. ИльэсищкIэ уэ укъыскIэлъыплъыфынут? Сызэпхъэфынут? Хьэуэ.

- Апхуэдэу уэзригучэр? СыпщIыхуртэкъым, си щытыкIэр къэпщIэфакъым. Уи гъащIэр уэзрыхуейм хуэдэу пщIащ, - ГъащI, хуэмышэчу, Ланэ.

- Асльэн, - хъыджэбз макъ жьыжьэу къэIуащ.

- Хэт къоджэр? - щIэупщIащ хъыджэбзыр.

ЩIалэм и щхьэр ирихьэхащ, зыри жимыIэфу.

- Уи щхьэгъусэу ара?

- Аращ.

- Арауэ къыщIэкIынщ къыпкIэлъыплъари къыпщхьэщысари. Сэ схуэзфIэмыкIынур абы ищIащ.

- Ланэ, Ланэ...

- Хьэуэ, Асльэн, зыру жумыIэ. Сэ къызгурыIуэн хуейр къызгурыIуащ.

- Сыт? - щIэупщIащ щIалэр.

- Гъатхэм нэпс щIегъэкI, - жиIэщ, Ланэ жыг щIагъым къыкIыщIэкIыжри, уэшх иным хэту гъэзгумкIэ ирикIуэжащ.

ЩIыщхьэгъуэ и 2-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 5. Адакъэ. 9. Сыхъэ. 10. Азэн. 11. Теунэ. 12. Хуарэ. 13. Хъурмэ. 14. Бжэгъуу. 16. Анэ. 18. Къатыр. 22. Лъэпэд. 23. Благъи. 26. Щэбэт. 27. Кугъуэ. 28. Дзэмыхь. 31. Хьэсэ. 34. Епэр. 36. Напэм. 37. ЩIыхуэ. 39. Тхьэгъуэ.

Къехуу: 1. Нартан. 2. Тэрэзэ. 3. Псыхуабэ. 4. Пхъэр. 6. Амур. 7. Уэур. 8. Андэгурэ. 15. Гъуапльэ. 17. Нысэгъу. 19. Абазэ. 20. Гъудз. 21. Ибэ. 24. ПщыхьэщIэ. 25. Щхьэрыуэ. 29. Жэнэтщ. 30. Къамышы. 32. Сахуэ. 33. ГупкIэ. 35. Парт.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.

Зыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствомрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыгъэхэм я пэжагъымкIэ аэр зыгъэзащ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Щоджэн Iэминэ, корректорэу Щоджэн Инэ (1, 2, 3-нэ), Щоджэн Замрэ (4, 5, 6-нэ). КомпьютркIэ газетым и тепIэр щIащ Ныр Саидэ, сурэтхэм елэжьар Къарей Элинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1566